

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa hiji hal jeung kumaha panalungtikan dilakukeun pikeun ngadadarkeun hasil sarta ngajawab pananya dina panalungtikan (Suharsaputra, 2011:181). Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif kalawan métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun fénomena-fénoména anu sifatna alami atawa rékaan manusa (Sukmadinata, 2010:72). Dina ieu panalungtikan didéskripdikeun struktur jeung ajén étnopedagogik dina *Wawacan Mahabarata* anggitan R. Méméd Sastrahadiprawira, spk.

Dumasar kana pamarekan kualitatif jeung métode déskriptif anu dipaké, desain panalungtikan nyoko kana desain struktural jeung étnopedagogik anu digambarkeun dina gambar saperti di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh episode carita dina *Wawacan Mahabarata* anggitan R. Méméd Sastrahadiprawira. Judulna aya sabelas episode, anu diwangun ku sabelas wanda pupuh kalayan jumlah 2.842 pada. Data épisode carita dina ieu wawacan ébréh dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1 Sumber Data

No (1)	Épisode Carita (2)	Anggitan (3)	Ngaran Pupuh (4)	Pada (5)
1.	Luluhur Pandawa	R. Méméd Sastrahadiprawira	Dangdanggula	22
			Asmarandana	47
			Kinanti	21
			Mijil	34
			Sinom	38
			Kinanti	63
			Pucung	20
2.	Pandawa Jajaka	R. Méméd Sastrahadiprawira	Asmarandana	50
			Kinanti	27
			Maskumambang	30
			Asmarandana	32
			Sinom	29
			Pangkur	47
			Durma	22
			Mijil	33
3.	Pandawa Papa	R. Méméd Sastrahadiprawira	Sinom	41
			Pangkur	27
			Asmarandana	35
			Maskumambang	33
			Sinom	28
			Maskumambang	36
			Dangdanggula	38
Asmarandana	37			
4.	Pandawa ngadeg raja	R. Méméd Sastrahadiprawira	Kinanti	37
			Pucung	51
			Pangkur	32
			Dangdanggula	13
			Magatru	21
			Kinanti	29
			Dangdanggula	28
			Durma	75
Sinom	18			

Fajar Sukma Nur 'Alam, 2015
 WAWACAN MAHABARATA ANGGITAN R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA, SPK

			Pangkur	20
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
5.	Pandawa Diperdaya	R. Méméd Sastrahadiprawira	Kinanti	24
			Pangkur	36
			Sinom	40
			Asmarandana	38
			Mijil	40
			Kinanti	58
			Asmarandana	31
6.	Pandawa Kasangsara	R. Méméd Sastrahadiprawira	Asmarandana	31
			Sinom	26
			Kinanti	35
			Maskumambang	36
			Wirangrong	32
			Kinanti	25
			Dangdanggula	30
7.	Pandawa Nagih Jangji	R. Méméd Sastrahadiprawira	Sinom	32
			Magatru	37
			Kinanti	53
			Asmarandana	41
			Sinom	37
			Asmarandana	35
8.	Mepek Balad	R. Satjadibrata	Kinanti	28
			Asmarandana	21
			Sinom	36
			Mijil	28
			Wirangrong	20
			Kinanti	47
			Pangkur	15
9.	Baratayuda I	R. Satjadibrata	Asmarandana	46
			Kinanti	28
			Pangkur	39
			Wirangrong	31
			Kinanti	28
10.	Baratayuda II	R. Satjadibrata	Durma	45
			Pangkur	40
			Durma	48
			Pangkur	37
			Magatru	91
			Durma	24
			Wirangrong	71
11.	Pandawa Seda	R. Satjadibrata	Kinanti	29
			Pangkur	30
			Kinanti	43
			Asmarandana	19
			Sinom	24
			Dangdanggula	22

Fajar Sukma Nur 'Alam, 2015

WAWACAN MAHABARATA ANGGITAN R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA, SPK

			Mijil	26
			Sinom	34
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
			Kinanti	31
			Asmarandana	30

Sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék pikeun meunangkeun data (Arikunto, 2010:172). Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta *Wawacan Mahabarata* anu dianggit ku R. Méméd Sastrahadiprawira, R. Satjadibrata jeung MA Salmun anu asalna tina carita Mahabarata karya Wyasa. Buku wawacan anu dijadikeun sumber data diterbitkeun ku penerbit Balai Pustaka taun 1949, ukuran bukuna 17,7 cm x 23,3 cm, kandelna 284 kaca.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Pangumpul Data

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun panalungtik dina ngumpulkeun data pikeun leuwih gampang, sarta hasilna leuwih hadé. (Arikunto, 2010:203). Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data.

Tabél 3.2
Kartu Data Struktur Carita

Cutatan	(WM/kaca/épisode/pada)
Analisis	
a. Téma	:
b. Palaku	:
c. Latar	:
d. alur	:

Tabél 3.3
Kartu Data Ajén Étnopédagogik

Cutatan	(WM/kaca/épisode/pada)
Analisis	
a. MMT	:
b. MMP	:
c. MML	:
d. MMA	:
e. MMW	:
f. MMLB	:

3.3.2 Téhnik Ngumpulken Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah strategis dina panalungtikan, lantaran tujuan utama tina panalungtikan nyaéta meunangkeun data. Tanpa mikanyaho téhnik ngumpulkeun data, maka panalungtik moal meunangkeun data anu nyumponan (Sugiyono, 2009:224). Téhnik nu dipaké ngumpulkeun data nyaéta téhnik studi *bibliografis*. Ieu téhnik digunakeun lantaran sumber data mangrupa bahan tinulis. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap

- a. Maca buku wawacan
- b. Nyirian data struktur dina *Wawacan Mahabarata*
- c. Nyirian data étnopédagogik dina *Wawacan Mahabarata*
- d. Nyalin struktur jeung ajén étnopedagogi kana kartu data

3.3.3 Téknik Ngolah Data

Téhnik anu dipaké dina ngolah data nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Unsur anu dianalisis nyaéta struktur jeung ajén étnopedagogik dina *Wawacan Mahabarata*, dina nganalisis struktur carita maké téhnik analisis struktural, ari nganalisis ajén étnopedagogik maké téhnik analisis hermenetik, ari analisis struktural nyaéta nganalisis struktur formal anu ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung sasmita pupuh. Struktur naratif ngawengku téma jeung fakta

Fajar Sukma Nur 'Alam, 2015
WAWACAN MAHABARATA ANGGITAN R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA, SPK

carita. Ari analisis hermenetik nyéta tiori ngeunaan pamahaman dina nafsirkeun téks (Ricoeur dina Rafiek, 2010;3). Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan diantarana:

- a. Niténan deui data nu geus dikumpulkeun
- b. Nyieun papasingan data wawacan dumasar kana struktur jeung ajén étnopédagogik
- c. Nganalisis wawacan dumasar kana struktur carita jeung ajén étnopédagogik
- d. Ngadéskripsikeun dumasar kana struktur carita jeung ajén étnopédagogik
- e. Napsirkeun struktur jeung ajén étnopédagogik *Wawacan Mahabarata*
- f. Nyieun tafsiran jeung kacindekan